



ABC's of Transition to Kindergarten for Parents/Caregivers



Prezans enpòtan. Chak jou ki rate se yon opòtinite aprantisaj ki pèdi.

Rete pozitif sou tranzisyon nan klas Jadendantanfan Yon antre pozitif ogmante chans pou pwogrè akademik.

Kreye yon espas aprantisaj lakay ou pou sipòte kreyativite ak kiryozite natirèl ptit ou a.

Devlope yon relasyon solid avèk pwofesè jadendantanfan ptit ou a.

Etabli woutin ak orè, jadendantanfan se yon kote ki estriktire anpil. Pratike woutin regilyèman.

Suiv direksyon se yon konpetans enpòtan nan jadendantanfan. Divize enstriksyon yo nan youn oswa de (2) etap alafwa.

Rasanble dosye yo (batistè, dosye vaksinasyon, prèv adrès) epi ranpli fòm pou enskri ptit ou a nan jadendantanfan.

Ede ptit ou a prepare pou tranzisyon an nan pale I de jadendantanfan epi pèmèt ptit ou a pataje enkyetid li yo.

Endependans se yon kado enpòtan pou bay ptit ou. Bay ankourajman pou favorize siksè

Antre nan òganizasyon ki genyen rapò avèk lekòl tankou, PTA ak Komite Konsèy Lekòl (SAC).

Kontinye suiv sa k ap pase lekòl la nan li biltén pwofesè yo ak administrasyon an.

Ranseye w sou pwogram jadendantanfan ptit ou a.

Fè sèten ou anseye ptit ou a pou I pran swen tèt li, tankou kijan pou I pran swen pwòp tèt li nan twalèt, mouche nen, ouvri bwat manje midi, epi netwaye espas yo.

Site non tout moun ptit ou a pral rankontre nan nouvo lekòl la.

Kominikasyon kontini ant paran/moun k ap bay swen ak pwofesè enpòtan.

Pratike teknik jadendantanfan tankou, tann tou pa w, kanpe nan liy, ekri prenon ak siyati.

Kontakte lekòl ptit ou a pou w kapab reponn kesyon yo.

Li liv pou ptit ou a sou kòmansman jadendantanfan.

Konpetans sosyal yo enpòtan anpil. Ede ptit ou a aprann kijan pou I kominiye ak lòt moun epi rezoud konfli yo.

Mennen ptit ou a nan bibliyotèk lokal la pou tcheke liv pou sipòte aprantisaj li.

Konprann li natirèl pou ptit ou a santi I enkyè sou tranzisyon an nan jadendantanfan.

Vizite lekòl primè yo bay ou a epi ale nan reyinyon paran elèv jadendantanfan.

Travay deprè avèk anplwaye lekòl la pou sipòte ptit ou a oswa pou rezoud nenpòt pwoblèm ki kapab prezante.

Eksplore ak kisa yon jou tipik nan jadendantanfan pral sanble.

Ou menm ak ptit ou a ap fè vwayaj sa a ansanm, rekonèt sa a se yon gwo etap pou ou tou.

Zoom, kòmanse bonè ak aktivite tranzisyon yo nan jadendantanfan, pou li pa vini kòm yon sipriz pita.